# *Диссаджы фæнд.*

Цардысты-уыдысты дыууæ гыццыл кæсаджы - лымæнтæ. Уыдон арæх хъазыдысты иумæ, афтæ сын хъæлдзæгдæр уыд. Кæсæгтæй иуы фæндыд суæвын стыр æмæ рæсугъд. Уыцы ныхас фехъуыста сыгъзæрин кæсаг.

« Дæу æцæг фæнды стыр суæвын? Уый тынг тæссаг у!» - дисы бацыд сыгъзæрин кæсаг.

« Мæн тынг фæнды, цæмæй мæ рæсугъддзинадыл ифуыдæр цин кæной, ныр та мæ хъуыды дæр ничи кæны»,-тæргай хуызæй дзырдта гыццыл кæсаг. Сызгъæрин кæсаг бамбæрста кæсаджы хъыгдзинад æмæ йæ къæдзил атылдта, фæауон ис егъау уылæны бын.

Гыццыл кæсаг æвиппайды адынджыр и. Уый уæззаугомау ленк кодта, хуры тынтæм æрттывтытæ калдтой йæ цæппæртæ. Бынтон лыстæг кæсæгтæ йæ алыварс æмбырд кодтой, кастысты йæ рæсугъддзинадмæ.

Уалынмæ кæцæйдæр фæзынд стыр акулæ. Лыстæг кæсæгтæ уайтагъд алырдæм фæпырх сты, фæлæ тæргайгæнаг æмæ рæсугъд кæсаджы та акулæ аныхъуырдта.



.